# *Кхетош-кхиорхошца къамел: «Берийн Даймахке, нохчийн матте, халкъе безам кхиор»*



**Х1оттийнарг:**
**кхетош-кхиорхо**
**«Гуьмсан муниципальни к1оштан Гуьмсе-г1алин**
**«Берийн беш № 11 «Нана»**
**Селимбаева Х. М.**

«Даймохк - иза цхьа лаьмнаш, хиш, аренаш хилла ца 1а. Даймохк - иза уггаре а хьалха х1окху лаьттан адамаш ду, церан вовшашца йолу оьзда юкъаметтигаш, г1иллакхаш, марзонаш, баккхийчеран хьекъал, 1еламнехан беркате серло, кегийрхойн доьналла, мехкарийн оьздангалла, нахана юккъера нийсо ю». (Муса Ахмадов)

Нохчийн поэташа тайп-тайпачу дешнашца бийцина Даймахке болу безам.

Иса Махмудов :

Вайн латта…
Дайша, ц1ийца хьандина
Вайна хьанал дина,
Хьомсара х1ара латта
Вай хьоьшу атта!

Дайша ца кхоийна ц1ий,
Хилийта кху мехкан сий!
Харцоно хьовзорах готта,
Ницкъ хилла лекха б1ов йотта!

Дайша говза 1амийна вай,
Сий дан кху лаьттахь мел деха вай.
Йамартло эшийна бакъонна г1атта,
Халоно мел цестарх ца къарлуш латта!

Нурди Пашаев :

Дезна суна лекха лаьмнаш,
Лаьмнех дуьйлу шовданаш.
ЦIена Iалам, юькъа хьаннаш,
Сан Даймехкан аматаш.

Езна Іуьйре, нуьрах йогу,
Екхна сийна стигланаш.
Ийман, ислам, ихьсан долу,
ГІийла, миска адамаш.

Лаьа даима ирсе гойла,
Оьзда, гІилкхе нохчийн къам.
Дала цунна хьуьнар лойла,
Йаккха ирхе, баккха лам.

Винчу махке йолу марзо,
Йийца, дилла меттиг яц.
Дено-дено кхуьу, хазло,
Цуьнца дуста хІумма дац.

Ненан мотт - иза дахаран хазна ю. Нохчийн маттах лаьцна воккхачу 1илманчас, Кавказан этнографа, академика Петр Карловича Услара ша йазбинчу 1илманан балха т1ехь кху кепара йаздина: «Нохчийн мотт ч1ог1а къен хетар даржош берш цунах цхьана а кепара кхеташ боцу нах бу. Мелхо а и мотт, шен г1оьнца адаман ойланан уггаре к1оргера аг1онаш а йийцалур йолуш, ч1ог1а хьалдолуш бу».

Мотт боцуш хуьлийла йац къоман культура а, литература а, истори а, г1иллакх а. «Мотт бу- къам ду, мотт бац- къам дац»,- аьлла нохчийн литературан бухбиллархочо Бадуев Са1ида. Ч1ог1а нийса аьлла дешнаш ду уьш, х1унда аьлча маттаца йоьзна ю адамийн йерриге а марзо, гергарлонаш, йукъаметтиг, йахь, эхь, сий, г1иллакх, оьздангалла. Мотт д1абаьлча цуьнца д1айовлу культура а, ламасташ, ткъа иза д1айаьлча къам а д1адов.

Жима чохь дуьйна берийн (школазхойн) патриотически дог-ойла кхио йеза.

Берийн Патриотически дог-ойла кхиоран 1алашо: Даймахке, нохчийн матте, халкъе, культуре безам кхоллар йу.И 1алашонаш кхочушйо занятешкахь а, берийн ловзаршкахь а, мероприятешкахь а.

Берийн патриотически дог-ойла кхиоран коьрта методаш:

-суьртийн гайтам;

-кхетош-кхиорхойн дийцарш;

-1алашонан доладаларш;

-къамелаш Даймахках, халкъах ,къоман исторех лаьцна;

- видеороликаш, презентаци гайтар;

-аудиозаписе ладог1ар;

-байташ 1амор;

-халкъа барта кхолларалийн произведенеш лелор(кицанаш,аларш,туьйранаш,эшарш ,ловзарш).

Масала

**Кицанаш**

Вина мохк мазал мерза бу.

Дикачу пхьидо шен 1ам хестабо.

Мехка доцчу иэро пхьагал ца лаьцна.

Нехан махкахь эла хуьлучул, шен эвлахь лай хилар тоьлу.

Ц1ийнах идда бежана берзан бага дахна.

Ц1ийнах идда бежана не1арца дайна.

Шен ненан сий лардечо- Даймехкан сий а лардийр ду.

Шен ц1а - ц1ен ц1а.

## «Маттах лаьцна байташ»

Джанаралиев 1имран

Шаьлта – иза къонахийн мотт бу,
Хьаьнг-хьаьнге бийцалуш боцуш,
Иштта бу сан ненан мотт а,
Хьам-хьамма бийца хьакъ боцуш.

* * *

Г1ала яккха со ца воллу, –
Цул ч1ог1а ду адаман дог…
Ирчу дашца ца даккхалахь,
Тоьпе-м и ца даккхало.

* * *

Воккхаве со хьуна хуъчу
Кхечу къаьмнийн меттанех,
Хьайниг бицбеш, 1амо дезна
Уьш хьуна ца моьттинехь.

* * *

Байхаджиев Зайнди

Шаьлтанал ира ду дош вайн,
Шаьлтанал дера бу мотт вайн.
Дукъанза дисна са вешан
Вай дукъа хьийзадо ваьшша…

Дош ду вай шайха д1овш даккхал,
Дийнна къам маьттаза даккхал,
Къонаха собарах ваккхал,
Ваьшна чохь дисна са даккхал.

* * *

Эдильсултанов 1абаз

Кхиош г1иллакх, дуза дог,
Оьзда баккха боккху ког.
Дерриг де ахь, лелош чот:
Бедар, амат, буьйцу мотт!

* * *

Яшуркаев Султан

Гора я1, нохчийн мотт, дош метта диллий
Д1аала вайша цхьа даггара илли,
Хьалхара ахь олуш, т1аьхьара – ас,
Дуьненна хазийта вайша хьан аз.

Лаьттана йовхо лун малх буьйцу вайша
Я цхьана заманчохь лелийнарг дайша,
Я 1аьржа верта т1етесна барам санна
Стиглахь йоьду 1аьржа марха йийца царна?

Я вайшиннан мехкан каш доцчу чартийн
Йист йоцу к1айн мог1арш д1агойтур дар-те?
Ц1ийн 1оврех леда хьан шовданаш дийца
Я зезаг хьахадай дог-ойла хийца?

Я зовкхехь дийца деза деши, дети,
Я ала мел ца лург 1адда а дитий,
Теш лаций, буьйса и беттаса тайша
Ворх1е а дуьненчу охьаделха вайша!..

* * *

Мамакаев Мохьмад

Шен ненан мотт халкъо,
Сий ойбуш, 1алашбахь,
Цу халкъан парг1ато
Цхьаммо а хьошур яц.

* * *

Хьан бах хьо, сан Даймохк, яханчу хенахь,
Йоза а хьайн доцуш, б1арзбелла баьхна?
Къийсамо аьгначу хьан т1улган белшахь
Гуш ду-кх яздина сан дайшка кхаьчнарг…

* * *

Сулейманов Юсуп

Башха дац со кхалхарх
Ломахь я арахь,
Тезетахь 1аьржа-к1айн
Къеста ма бе.

Амма сох кадамбе
Сан нохчийн маттахь,
И безаш ца хиллехь,
Геч а ма де.

* * *

Сайдуллаев Хьасан

…Дахарехь уггаре коьрта
Муьлха ду со ваьхна де?

Даймехкан сий ойуш, доггах
Ас илли яздина де.

**Даймахках,къонахойх лаьцна байташ**

1)Сан хьоме Нохчийчоь
Сан ирсе Даймохк
Хир бац кху дуьненчохь
Хьол хаза цхьа мохк.

2) Хьомсара сан Даймохк
Сой ирсе хета,
Хьо мел бу,вехаш ву
Дуьненчохь со!

3)Малхана дуьхьал йирзина лаьтта,
Г1ала х1етахь шех дайъинарг дов.
Моьттура и г1атто ницкъ хир бац атта.
Ткъа х1инца-м кхуьуш ю-Сан Нохчийчоь!

4) Даймохк бу хазаллин нур хила лепаш,
Дог-дика шен амал кхийдайеш тхоьга.
Ша маьрша яккхарна,к1ентарша лепаш,
Баркалла бохуш ю, сан хьоме Нохчийчоь!

5)Тхан маьрша ойланаш хьан ц1арца йог1у,

Тхан дуьхьа яхалахь, дехар ду хьоьга.

Кхин хьан дог ца дохош, массара оха,

Ларийир ю, сий долу тхан хьоме Нохчийчоь!

6)Я Аллах1, тхан Дела,

Тхо г1ийла лайш ду хьан.

Халкъ, бала боьссина,

Б1арзделла хьийзаш,

Ахь орцах ваийтира

Сийдолу Ахьмад-Хьаьжа.

Шен са ца кхоадеш,

Турпалхо г1аьттира.

1ожаллин багара

Нохчийн халкъ даьккхира.

Амма и ца лайра

Цу Делан мостаг1чо,

Даймохк а, шен халкъ а

Кехатех хийцинчо.

Ахь дина диканаш

Дицдина дехар дац.

Хьан некъахь къахьега

К1ордор дац цкъа а.

Хьан г1азот къобалдар,

Я Аллах1, доьху,

Ахьмад-Хьаьжа, Сийдолу

Хьалхара Паччахь!

**БЕРИЙН ЭШАРШ**

1.Цицко пондар лекхира,
Дахко вота туьйхира,
Асет хелхаелира,
Дудас зуда ялийра.

2. Пису, пису — доккха ду,
Нур-Бакъи цул месал ву,
Там бара ц1ахь воцуш со,
Вай т1о биъна хила цо.

3. Цхьогалан йиш
— Долахьа, цхьогал,
Долахьа,цхьогал,
Лууларчу юьрта
Бецийн маьнаш
Лечкъо г1ор дара вайша.
— Дог1ур-м дара со,
Дог1ур-м дара со,
К1айн куй болчу
Нохчийн к1анта
Хьесийн т1ергаш

Туьйсар яцахь,

Мажар тоьпаца

Лоьцар дацахь,

Базара туькнахь

Кхозур дацахь.

4. Со воьдура, воьдура,

Хьаьжан ц1а воьдура,

Хьаьжас суна кхаъ белира,

Кхаъ аса зуьдана белира,

Зуьдо суна к1еза делира,

К1еза аса жа1уна делира,

Жа1ус суна уьстаг1 белира,

Уьстаг1 аса Далла белира,

Дала суна собар делира.

Собар сан куйн йистехь ду.

**АГАНАН ЭШАРШ**

1. Дуьйшуш, г1оза дийшараш,

Г1оттуш, г1оза г1овттараш,

Дийшалаш, дийшалаш.

Кегий к1орнеш, дийшалаш.

Дала дахадойла шу.

И долу г1а санна,

Дала дебадойла шу,

Дийшалаш, кегий к1орнеш.

2. Д1адижа, сан бер,

Д1адижа, сан бер,

Ас наьнка лаьцна хьуна:

Мох, малххий,аьрзуй.

Аьрзу ц1а д1аяхара.
Лам т1ехьа малх лечкъира,
Кхо буьйса д1аяьлчи,
Мох шен нана йолчу бедира.

3. Ма хаза ю буьйса,
Мела мох хьоькхуш,
Екхначу стиглахь
Седарчий ловзуш.
Корах чухьоьжуш,
Хьо ма серладолу,
Бетаса, делало,
Д1адижа, боли-лу,
Ламанан басенца
Мохаца техкаш,
Попано йийшийна
Шоршалан к1орнеш.
Мокхачу берда т1ехь
Йижина к1орни
Сема сай 1уьллу бах,
Д1адижа, боли-лу.
Т1ахъаьлла хир ву хьо,
Ц1оькьалом санна,
Кьовсамехь тор ву хьо,
Догмайра нохчо,
Алалай, балалай,
Д1адижа, боли-лу.

4. Чен чабол эцна,
Берзан йорт етташ.

Хьан нана йог1ур ю,

Д1адижа, к1орни.

5. Хаза йина мамас,

Шена йина мамас,

Буса ловзон йина ю,

Дийнахь хьаста йина ю.

Шена хаза йина ю,

Шена дика кхаьбба ю,

Сайна кхаба йина ю,

Суо кхабийта кхиийна.

Сайна кхаба йина ю,

Суо кхабийта кхиийна.

6. Дита, дита нанин к1орни,

1адда дита нанин к1орни,

Мотт к1еда беза нанин к1орнина,

Наб хаза кхета нанин к1орнина.

7 Дижалахь, жиманиг,

Мерзачу набарца,

Г1атталахь, жиманиг,

К1оргечу хьекъалца

Мерза наб кхетийла

Жимачу к1орнина.

8. Дижалахь, бабиниг,

Дижалахь, дадиниг,

Мерзачу набарца

Дижалахь, диканиг.

Тахана шуна йовзийтинчу берийн патритически дог-ойла кхиоран методаша г1о дийр ду, Даймахке, нохчийн матте, халкъе безам кхиорехь.